Kurarama, Kufa, Kuvigwa, Kumuka, Kuuya

Zvinopfuura zvose zvatingataura nemitauro yavanhu kuti mwoyo yedu inonzwa sei nhasi patinoungana pano panguva inokosha mangwanani ano. Mangwanani ano anomiririra nguva iyo chinamato chedu chakasimbiswa, nokuti kwakanga kuri kumuka zvakare koMwana Wenyu anokosha Akauya kuzodzikinura vanhu. Uye tiri pano mangwanani ano kupemberera nguva iyi huru, Ishe, yakatiita kuti tive vakundi nokupfuura vorufu, negehena uye neguva. Uye tinokutendai Imi kuti, mushure mamakore awa ose apfuura, tinoungana mangwanani omusi weIsita, kuMunata, nokuti tinotenda kuti Achadzoka zvakare.

2 Uye tinonamata kuti Mutiregerere zvivi zvedu zvose uye kudarika kwedu kwakanyorwa, apo tinozvininipisa tichireurura kudarika kwedu, uye tichigamuchira chipiriso chaKe chezvivi zvedu. Podzai hurwere hwose huri pakati pedu, Ishe. Tibatsirei patiri kuverenga Shoko reNyu Dzvene, rinova nheyo yeChokwadi chose chaMakatisiira kuti tirarame nacho uye kuti titende.

3 Uye tinonamatira kwete boka rino chete rakaungana pano, asi pasi pose, nokuti tiri kutarisa namaziso ane tariro uye mwoyo inoshuva kudzoka kwaKe. Timire nhasi murima, munyonganyonga, zvokuti, nguva ipi zvayo, rimwe benzi ringangotsamwiswa nechimwe chinhu, uye robaya kabhatani, zvino nyika yose yoparadzwa. Sokuudzwa kwatakaitwa navane zvigaro zvikuru zvesimba, kuti, hondo ichava yamaawa mashoma, kana ikaitika zvakare. O-o! Zvino takamira nhasi padyo neimwe hondo. Uye, Chechi yakamira padyo, nokubwinya kukurusa kokumuka, nokuti tichabatana pamwe chete navatsvene vakarara, kuti tisangane naIshe mumakore, uye tozova naYe nokusingaperi.

4 Tauya kuzokunamatai Imi, Ishe. Uye tigamuchirei nhasi. Ropafadzai kuverengwa kweShoko reNyu, kuimbwa kwenziyo, kuparidzwa kweVhangeri, gamuchirai minamato yavanoreurura. Inzwai munamato wavanorwara, uye mugoZviwanira kubwinya, nokuti tinozvikumbira muhunyoro muZita raJesu, Mwanakomana weNyu. Ameni.

5 Kunemi munoda kutora patinenge tichiverenga mangwanani ano, maGwaro edu.

6 Uye tino hurombo ku—kuti hatina nzvimbo yokugara yakakwana kuboka iri ravanhu vakanaka vauya pano

mangwanani ano kuzonamata nesu, kubva kumachechi akasiyana uye kubva kumatunhu akasiyana, uye kunyange kubva kunyika dzakasiyana, vaungana pano mangwanani ano paTebhanakeri, nokuda kokunaka kokunamata Ishe.

7 Ndinoda kuti muvhure kuBhuku raMapisarema, Mapisarema 22. Ndinoziva kuti hazviwanzoitwa kuverenga apa, pasevhisi yeIsita, asi Mwari haanzwisisiki.

8 Zvino tapedza sevhisi ino, tichambozorora kwenguva ingakwana awa imwe chete, kuti mudye kudya kwenyu kwamangwanani. Zvino Svondo yedu ichatanga nenguva yahafu naini. Uye kana Svondo yapera, kuchava nokubhabhatidzwa pano mu—mudziva. Uye masikati ano, nenguva yechitanhatu, vachapa makadhi okunamatira vanorwara, husiku hwanhasi. Zvino kana une mudikanwa wako anorwara uye anoda batsiro, rangarira kuvaunza husiku huno, nokuti, inenge iri nguva yokupedzisira yatichaita izvi kwe—kwekanguva, vo. Ndiri kuenda mangwanani ano, nenguva dzafaifi, kuLos Angeles nokuMahombekombe okuMadokero, kumisangano yakati wandei.

9 Zvino muna Mapisarema 22, tichaverenga.

Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyireiko? munomirireiko kure pakundibatsira, . . . napamashoko okuomba kwangu?

. . . Mwari wangu, ndinodana masikati, asi hamupinduri; novusiku, asi handiwani zororo.

Asi imi muri mutsvene, Imi mugere parumbidzo dzaIsraeri.

Madzibaba edu akavimba nemi: vakavimba imi mukavarwira.

Vakachema kwamuri, vakarwirwa: vakavimba nemi, vakasanyadziswa.

Asi ini ndiri honye, handizi munhu; ndiri chinhu chinozvidzwa navanhu, . . . chinoshovorwa navanhu vose.

Vose vanondivona vanondiseka: vanoshamisa muromo, vanodzungudza misoro, vachiti,

Chizviisai kuna JEHOVHA iye ngaamurwire: ngaamurwire, zvaanomufarira iye.

Asi ndimi makandibudisa pachizvaro: makandivimbisa nemi ndichiri pamazamu amai vangu.

Ndakaiswa kwamuri kubva pachizvaro: imi muri Mwari wangu kubva padumbu ramai vangu.

Regai kuva kure neni; nokuti njodzi iri pedyo; nokuti hapana ungabatsira.

Hando zhinji dzakandikomba: hando dzinesimba dzaBashani dzakandipoteredza.

Dzinondishamisira miromo yadzo, seshumba inoparadza . . . ichiomba.

Ndakadururwa semvura, . . . mapfupa angu ose akasvodogoka: mwoyo wangu wakafanana nenamo; wakanyauka mukati movura hwangu.

Simba rangu rakawoma sechaenga; . . . rurimi rwangu rwakanamatira pashaya dzangu; makandiisa paguruva rorufu.

Nokuti imbwa dzandikomberedza: vungano yavanoita zvakaipa yakandipoteredza: vakabvovora mavoko angu namakumbo angu.

Ndingaverenga mapfupa angu ose: vanonditarira nokundinan'anidza.

Vanogovana nguvo dzangu pakati pavo, . . . vanokanda mijenya pamusoro pehanzu dzangu.

. . . asi IMI JEHOVHA, regai kuva kure neni: . . . imi simba rangu, kurumidzai kundibatsira.

Rwirai mweya wangu pamunondo; mudikanwa wangu pasimba rembwa.

Ndiponesei pamuromo weshumba: zvirokwazvo makandipindura ndiri pakati penyanga dzenyati.

Ndichadudzira zita renyu kuhama dzangu: ndichakurumbidzai pakati pevungano. Hongu.

Imi munotya JEHOVHA, murumbidzei; imi mose vana vaJakobo, mukudzei; mumutyei, imi mose vana vaIsraeri.

Nokuti haana kuzvidza kana kusema dambudziko rounotambudzwa . . . kana kumuvanzira chiso chake; asi panguva yaakachema kwaari, wakamunzwa.

Kurumbidza kwangu pavungano huru kunobva kwamuri: ndicharipa mhiko dzangu pamberi pavanomutya.

Vanyoro vachadya vakaguta: vanotsvaka JEHOVHA ndivo vachamurumbidza: mwoyo yenyu ngairarame nokusingaperi.

Migumo yose yenyika icharangarira nokudzokera kuna JEHOVHA: marudzi ose avahedheni achanamata kwamuri.

Nokuti vushe ndohwa JEHOVHA: ndiye mubati wavahedheni.

Vakuru vose venyika vachadya nokunamata: vose vanoburukira kuguruva vachapfugama pamberi pake: naiye usingagoni kuraramisa mweya wake.

Vana vake vachanamata kwaari; rudzi rwunotevera ruchaudzwa zvaJehovha.

Vachavuya, vachidudzira kururama kwake kuvanhu vacha . . . vachazozvarwa, kuti ndiye wakaita izvi.

10 Dai Ishe awedzera maropafadzo aKe pakuverengwa kweShoko raKe. Ndinoda kutora panguva ino mangwanani ano, manzwi mashanu, uye kubva pamanzwi awa mashanu ndoedza kutaura zviri pamwoyo pangu, kwamuri vanamati mangwanani ano. Ndinoda manzwi awa mashanu: *Kurarama, Kufa, Kuvigwa, Kumuka, Kuuya.*

11 Uye ndinofunga muimbi akazvitsanangura zvakanaka murwuyo, zvandiri kuda kutaura, paakanyora rwuyo urwu.

Mukurarama, Akandida. Mukufa, Akandiponesa.
Mukuvigwa, Akaenda nezvivi zvangu kure kwazvo.
Mukumuka, Akandiruramisa pachena nokusingaperi.
Rimwe zuva Ari kuuya, o-o, izuva rakanaka sei!

12 Hapana hupenyu hwakamboraramwa sohwaKe, nokuti Aiva Mwari akaratidzwa munyama paAkaberekwa. Aiva kuratidzwa kwokuti Mwari Baba vakaita sci. Uye Mwari Baba vari rudo, nokudaro Jesu aiva kuratidzwa kuzere kworudo. Aiva rudo kubva pakutanga apo maoko aKe madiki aibata matama akanaka amai vaKe. Aiva rudo.

13 Uye ndinofunga kuti nhasi ndipo panokundikana vazhinji vedu kuona kuti Akanga ari rudo. "Mwari rudo, uye avo vano rudo vakaberekwa naMwari."

14 "Mwari akada nyika, kureva, avo, vasingabviri kuda, kuti Akapa Mwanakomana waKe oga, kuti aninani anotenda maAri arege kufa, asi ave noHupenyu husingaperi."

15 Akaratidza rudo rwaKe paAkanga ari pano panyika, nenzira dzakawanda, kusvikira hazvina gakava kuti Aiva chisikwa chakazara norudo chati chamborarama. Uye ndinofunga, muhupenyu hwaKe pano, Airatidza Mwari. Uye nzira bedzi yokuti Mwari aratidzwe nayo kuvanhu kubudikidza norudo.

16 Uye Akazviratidza paAkabata mumwe mukadzi akanga akaipa kwazvo muzuva raKe, ndingangodaro. Vakamuwana ane mhosva, uye asina nzira yokupukunyuka, pavakamuwana ari muhupombwe. Uye vakamudhonza kuenda naye kwaAri, vakati, "Munoti tiitei naye?"

17 Zvino paAkatendeuka kwaari, akati, “Handikupomeri mhosva. Enda uye usazotadzazve.” Pano kumudzingira mumigwagwa, kuti azvuzvurudzwe kunge mapumhi akamumomotera, kumutaka namabwe uye kumuuraya; mwoyo Wake munyoro, une tsitsi, une rudo wakadzika muchivi chaakanga ari, akati, “Handikupomeri mhosva. Enda usazotadzazve.”

18 Uye paAkanga ari munzira yaKe kuenda kuguva raRazaro, ndinofunga yaiva imwe nguva huru yaAkaratidza kuti Mwari chii kumunhu. HaAsiri Mwari anokwanisa bedzi kuregerera chivi chakaipisisa chinokwanisika kuitwa, uye nokutora ane mhosva womuita asina mhosva, norudo rwaKe rwokuregerera. Asi mushure mokunge rufu rwatinyararidza, Anoramba ane hanya nesu. Ndinofunga Akazviratidza munzira kuna Marita naMaria, paAkasvika mumba umo rufu rwakanga rwatora hupenyu hwomunhu akanga akanaka. Uye munzira yaKe kuenda kuguva, asi, nokuti aiva Mwari, aiziva kuti AchazoMumutsa kubva kurufu, aiziva kuti akanga Audzwa kuti Mushoko raKe maiva neSimba rokumumutsa kubva muguva; asi, paAkaona Marita naMaria naavo vaida Razaro, vachichema, Bhaibheri rinoti Akachema. Chakanga chiri chii? Mwoyo waKe mukuru uno rudo! PaAkaona kuti, vanhu neshamwari dzaKe—dzaKe dzakanga dziri mudambudziko, Akatambudzika pamwe chete nadzo.

19 Ndinofara kuziva kuti Anokwanisa kuwanikwa pakati pavane mwoyo yakatyoka. Munhamo dzedu Haasi uyo angatisiya. Anomira nesu kana zvose zvakundika, uye tariro yokupedzesira yapanyika yasvika kumagumo, Anenge achiri Mwari uye Anotida. Akanga ari kuratidzwa kwaMwari.

20 Uye, o-o, ndinotenda kuti Anoshuva sei kuti vanhu vaKe vazodzwe noMweya waKe, kuti tiende kuna vamwe mumimiedzo nomukunetseka, uye toratidza kunzwira kwaKe, pakunodururwa kubva mumwoyo yedu yakaberekwa noMweya waKe, kuratidza muchechi rudo rwaMwari anorarama. Zvinoratidza zvaAkataura, kana zvakataurwa nomuimbi.

Achirarama, Akandida.

21 Akaratidza zvaAkaitira rudzi rwavanhu, nzira iyo Mwari yaAkazviratidza nayo muna Jesu Kristu. Akaratidza mafungire aKe kuvanhu, kuregerera uye kuda avo vakanga vasingakwanisi kudiwa. Uye ndinoshama, mangwanani ano eIsita, kuti tinotaira zvakadii pane izvi. Tinogona kuda vanotida, asi Akada avo vakanga vasingaMudi.

22 Akanga ari chinhu chikuru-kuru, chokutanga chaimiririra, rudo chakanga chati chambouya panyika; uye akazvidzwa naavo vairarama panyika, vaakanga Achida. Hakuna munhu akambokwanisa kuda sezvaAkaita; uye hakuna munhu akambovengwa sezvaAkaitwa. VakaMuvenga uye

vakaMuzvidza, uye vakaMuramba, asi hazvina kumisa rudo rwaKe. Vakaseka, paAkanga akarembera pamuchinjikwa, mushure mokunge Ararama hupenyu husina chakaipa asi zvakanaka chete, kuregerera vane mhosva, kupodza vanorwara, uye kuita zvinhu zvakanga zvakanaka. PaAkanga akatambarara pamuchinjikwa, paari paine, mate okumusvora, eavo vakanga vakamirapo; achierera, kumeso kwaKe kutsvene Akachema, nomwoyo wakazara norudo, "Baba, varegererei, nokuti havazivi zvavari kuita."

23 Aikwanisa kunzwisisa. Nokuti ndiMwari, Anonzwisisa. Ndicho chikonzero Aikwanisa kutida patakanga tisingakwanisi kudiwa, nokuti NdiMwari uye Anonzwisisa. "Achirarama, Akandida." Hapana hupenyu hwakadai hwakamboraramwa, nokuti hwakanga hwakaputirwa murudo.

Achifa, Akandiponesa.

24 Rufu, muBindu reEdheni, Jehovha Mwari aida. Mubairo wechivi rufu, uye hazvaikwanisika kushandurwa. Zvakanga zvisingakwanisiki kuitika neimwe nzira. Nokuti, Mwari ndiye mhedziso, uye Haana magumo, uye Mutongi wokuDenga napasi. Mubairo wechivi rufu, uye hapana mumwe aikwanisa kuripira mumwe muripo uyu. Nokuti munhu wose, kunyange akafira mumwe munhu, asi ane mhosvavo pachake. Hapana mumwe wedu aikwanisa kubetsera mumwe, nokuti tose taiva nemhosva. "Takaberekwa muchivi, tikaumbwa mukusarurama, tikauya munyika tichitaura nhema." Uye pakanga pasina kana tariro, kana kupi zvako. Takanga takapomerwa mhosva yorufu, kuna naMwari, uye chisikwa chose chakambofamba panyika chakanga chiri pasi pokupomerwa mhosva uku. Paigona kuva navanhu vakarurama vaimuka vachiita zvinhu zvikuru, asi vaiva vatadzi.

25 Paingova nenzira imwe chete yokuripa muripo, ndiko kwaiva kufa kwaMwari pachaKe. Zvino nokuti Mwari, ari Mweya, haaikwanisa kufa, asi Akauya mumutumbi wenyama uye akazviratidza pachaKe muhupenyu hworudo; ndokutora kunaka kose kwaKe, ndokuzvipira asingagombedzerwi seChipiriso chikuru, kuti Atore mhosva yavaiva nemhosva. Tose isu tiri vatadzi, pakanga pasina nzira yokuti tiponeswe. Haana kuuya kuti azongoonekwa panyika, asi Akauya kuzofa seChipiriso.

26 Abheri akazviratidza paakapira kuna Mwari chipiriso chakanyanya kunaka kupfuura chaKaini; paakaunza gwayana diki, negavi romuzambiringa rakasungirirwa muhuro maro, kudombo. Ipapo rakarara padombo, akadhonza chirebvu charo uye, ne—nedombo, akacheka huro yaro diki; uye rikachema rikafa, ropa richidzatuka richibuda, dombo diki jena iri rikazadzwa neropa. Abheri akaratidza Karivhari ipapo.

27 Apo Gwayana raMwari, rakauraiwa nyika isati yavambwa, rikauya kuzotora nzvimbo yavatadzi vane mhosva, uye rikatswanyiwa nokukuvadzwa, uye—uye rikasekwa uye kusvoteswa, uye rikafa mafire asina chimwe chisikwa chingafa saizvozvo kusiya kwaMwari pachaKe, uye vhudzi raKe raiva pamafudzi aKe riine ropa, richidonhera pasi, zvakaratidza kuti chivi chinhu chakaipa sei, paAkafa kuti adzikinure munhu kubva muhupenyu hwechivi. Hapana chaikwanisa kufa mafire awa. Hapana chaikwanisa kumira parufu urwu. Zvinonzi, "Pavakabaya parutivi rwaKe, ipapo, pakabuda Ropa nemvura."

28 Nguva yapfuura, ndakanga ndichitaura nomumwe munhu pamusoro peizvi. Zvino akanga ari wezvesainzi akati, "Pane nzira imwe chete yokuti izvi zviitike. Uye rakanga risiri pfumo ramaRoma, rakaMuuraya; uye hakusi kurashikirwa neRopa, kwakaita kuti Afe, nokuti makanga muchine Ropa mumutumbi maKe. ZvaAkafa nazvo, rakanga risiri pfumo ramaRoma kana zvipikiri zvakanga zvakarovera mumaoko aKe, kana korona yeminzwa yavakaisa pamusoro waKe. Asi nokuti . . . Akafa nokushushikana, nokuti Akauya kuna vake uye vaKe havana kuMugamuchira. Akafa nokurwadziwa pamwoyo. Nokuti, Aiziva kuti zvisikwa zvenguva, zvaAkafira kuti adzikinure, zvakapfira kumeso kwaKe, uye Akarambwa navanhu."

29 Dhavhidhi, makore mazana masere zvisati zvaitika, akachema nenzwi rimwe chete raAkachema naro paKarivhari, "Mwari Wangu, MaNdisiyireiko?"

30 Kuipa kwakadini kunokonzerwa nechivi, chinopatsanura munhu kubva kuna Mwari! Uye Akanga ari chipiriso chechivi chaifanira kupirwa pazvivi zvedu. Uye Akapatsanurwa kubva muHupo hwaMwari. Chivi chakaMupatsanura. Mwari akaisa zvivi zvedu paAri, uye Akapatsanurwa kubva kuna Mwari, uye ndicho chikonzero Akachema, "MaNdisiyireiko?" Uye nokuti Akanga asiiwa, uye atora nzvimbo iyi; uye akaona vanhu vaKe, vaAkauya kuzova Muponesi wavo nokuvapa Hupenyu, vakanga vaMuramba. Zvino zvakaMurwadza kwazvo, kusvikira zvakagumbura mwoyo waKe kusvikira Ropa nemvura, nedzimwe mvura dzomuviri waKe, zvapatsanuka.

31 Munhu haazombozivi kuti zvakatorei. Ndicho chikonzero pasina mumwe angakwanisa kufa zvakadaro. Handina basa kuti ungatambudzwa sei, kuti vangaisa makumbo mungetani, kana kukucheka zvishoma nezvishoma, kana kukupisa zvishoma nezvishoma; haukwanisi kufa rufu urwu, nokuti magadzirirwe ako haana kudaro. Aifanira kuva Mwari. Aifanira kupfuura munhu; uye kufunga kuti, Mwari akafa. Akafa nokuremerwa pamwoyo, nokurwadziwa kwakanyanya nokuda kwenyika, kusvikira pane zvakaitika mumutumbi waKe zvisingakwanisiki kuitika mauri. Haukwanisi kutambudzika seizvi. Hapana nzira

yokuti uve nokurwadziwa kwakadai. Nokudaro kwaingova noMumwe chete aikwanisa kuzviita, uye Akazviita.

32 Akaremberapo, hupenyu hunokosha hwakanga husingazivi chinhu asi rudo nokuita zvakanaka, hwakarembera pakati peDenga nenyika, akaturikwa ipapo, asina kupfeka, akanyadziswa. Funga kuti wainzwa sei, usina kupfeka; unenge usati wanyadziswa sezvakaitwa Mwari, akarembera ipapo. Ndinoziva muchinjikwa une chinhu chidiki, sechavanoisa chakaMuputira, asi havana kumbodaro, izvi zvinongoiswa nokuti vanodhirowa vakazviisa ipapo. Vakabvisa hanzu dzaKe paAri. Aiva nenguvo, vakaibvarura kubva paAri uye vakakanda mujenya pairi. Akanyadziswa, kusvika pokupedzisira. Asi, ari Mwari, aifanira kumira, vatadzi vachipfira kumeso kwaKe. Asi, nokuti akanga ari ku—kukwana kwohudzami kwetsitsi, aifanira kufa pamberi poruzhinji, asina kupfeka. ZvakaMupinza pakaoma, kusvikira zvakapatsanura mvura neRopa. Ndicho chikonzero . . . ndinofunga muimbi akazvitsanangura zvakanaka paakati:

> Apo mabwe paaitsemuka, matenga achiita rima, Muponesi wangu wakakotamisa musoro waKe ndokufa,
> Asi chidzitiro chichivhurika chakazarura nzira inoenda kumufaro weDenga nezuva risingagumi.

33 Chokwadi, Aifanira kuzviita. Chidzitiro chaivapo pakati pomunhu naMwari, uye kuzarurwa kwechidzitiro kwakazarura nzira yamafaro okuDenga uye zuva risina magumo. Karivhari inoreva chimwe chinhu, kudarika zvatingakwanisa kutaura. Chokwadi.

> Achirarama, Akandida. Achifa, Akandiponesa.
> Achivigwa, Akatakurira zvivi zvangu kure.

34 Chakatukwa zvino. Chivi hachichina simba. PaAkadanidzira pamuchinjikwa, "zvapera," chivi chakafa! Zvino chafa. Chakapedzwa. Hachichina simba. Hachichina hupenyu. Fungai pazviri, vanhu. Chivi, muvengi wavanhu, chakafa uye hachichina hupenyu, hachichina simba. Hachikwanisi. Apo zuva rakavhara chiedza charo, nyeredzi dzikaramba kupenya, nyika ikaita rima, zvose zvakanga zvichidzikinurwa.

35 Zvino chakafa, chakavigwa, hachichina hupenyu. Hachichina hupenyu machiri, zvino chinofanirwa kuvigwa. Chii chakavigwa? Mutumbi waMwari wakavigwa, nokuti wakanga uri chipiriso chechivi. Raiva Gwayana rakapiriswa, rakapiswa nomwoto wokusarurama. Gwayana risina mhosva rakanga risingazivi chivi, Mwari Akanga asingazivi kukanganisa; hupenyu hwaKe hwakanga hwapihwa, uye ipapo pakarembera

chipiriso chechivi. "Kuvigwa, Akatakurira zvivi zvangu kure." Anofanira kuvigwa. Mutumbi, chipiriso chechivi chinofanira kuvigwa.

36 Ndicho chikonzero vazhinji, mushure mekanguva, vachafamba, mumwe nomumwe, vachiuya mumvura iyi, kuti vabhabhatidzwe muZita raJesu Kristu. Nei? Chimwe chinhu chaitika. Mweya wakabuda mumutumbi, uye paAkadanidzira "zvapera," wakatuka chivi mumitumbi yedu. Uye tinofanira kuchiviga, kuti chisazorangarirwa zvakare. Ndinofara kuti zvakadaro.

37 Kana chinhu chipi zvacho chavigwa, chavanzwa, hachichaonekwa. "Uye mukuvigwa, Akatakurira zvivi zvangu kure." Mwari haachakwanisi kuona zvivi zvako zvakare, nokuti zvakavigwa. Zvakavigwa kupi? MuGungwa roKukanganwa. Funga pamusoro peGungwa roKukanganwa! Mwari haakwanisi kuzvirangarira zvakare, nokuti zvakafa uye zvikavigwa. Hazvikwanisi kurangarirwa zvakare. Zvava kunze kwendangariro yaMwari.

38 Akavavo zvakare, mune izvi "kuvigwa," Akamiririrwa muTestamente Yekare. Vaiva nezviviri. . . Vaiva nechipiriso chezvivi pakucheneswa kwenzvimbo tsvene. Uye chipiriso chechivi ichi chaiva chokuti vaitora mbudzi mbiri, uye imwe mbudzi yaiuraiwa; zvino imwe mbudzi, yaiva nezvivi zvaiva pambudzi yafa zvichiiswa pambudzi mhenyu.

39 Rangarirai, Jesu aiva Gwai. Aiva Gwayana, asi pamuenzaniso uyu Akava mbudzi, Aiva kururama nokuti Aiva Mwari, Gwai. Asi Akava mbudzi, chivi, kuti Ave chipiriso chechivi chako nechangu; kubva kuHwai akava mbudzi.

40 Uye Jesu akamiririrwa nemhuka idzi, nembudzi dzose. Nokuti, seimwe, akafa, kufa sechipiriso; yechipiri, zvivi zvaibva pachipiriso zvakaiswa pambudzi yokurasirirwa, uye mbudzi yokurasirirwa yaitakura zvivi zvavanhu zvino yoenda kure kurenje, kutakura zvivi zvavanhu. Chaiva chii? Rwaiva rufu nokuvigwa kwaIshe Jesu. Achifa! "Achirarama, Akandida. Achifa, Akandiponesa. Kuvigwa, Akatakurira zvivi zvangu kure." Akatakura zvivi zvavanhu paAri, uye akazvitakura kudzika kwakadzikisisa kwegehena. Aiva chipiriso chechivi. Akatakura zvivi zvavanhu. Akavafira. Uye zvakare zvivi zvakaiswa paAri, Akatakurira zvivi zvedu kure kwazvo, kure kokuti Mwari haakwanisi kuzviona zvakare. Funga pamusoro pazvo! O-o, Chechi inofanira kudanidzira, "Hareruya kuMuponesi akadai!"

41 Zvivi zvedu hazvina kungoregererwa chete, asi zvakavigwa muGungwa roKukanganwa, kusazorangarirwa zvakare. "Kuvigwa, Akatakurira zvivi zvedu kure." Hazvikwanisi kurangarirwa zvakare, nokuti zvakaenda. Hazvionekwi naMwari. Zvakaremadzwa. Zvakarambwa.

Zvakabviswa. Mwari haazvirangariri zvakare. Chii? Chechi inofanira kufara mangwanani ano, kuziva kuti zvivi zvedu hazvizorangarirwi zvakare. Zvakaiswa muGungwa roKukanganwa, muguva mazvisingamuki. Zvakafa nokusingaperi, uye zvakakanganikwa. Zvakaita kunge sezvisina kumboitika. "Kufa, Akandiponesa. Asi, kuvigwa, Akatakurira zvivi zvangu kure." Akazvitakura kuenda nazvo kure kusvika muGungwa roKukanganwa. O-o! Tinoziva kuti chokwadi zvinhu izvi zvinotendwa pakati pedu, uye iChokwadi chaicho. IChokwadi chaMwari. Zvinhu zvose izvi hazvigoni kutsanangurwa nomunhu. Hatikwanisi kunyatsoratidza kutenda kwedu pazvinhu izvi.

42 Asi, o-o, paIsita! "Achimuka, Akaruramisa pachena nokusingaperi."

> Mukurarama, Akandida. Mukufa, Akandiponesa.
> Mukuvigwa, Akaenda nezvivi zvangu kure kwazvo.
> (Zvakanga zvakanaka.)
> Asi, mukumuka, Akandiruramisa.

43 Kumuka kwaiva chii? Rwaiva rusiti rwaMwari, kuti muripo wakabhadharwa. "Kumuka, Akaruramisa pachena nokusingaperi." O-o, Muponesi wakadii, achimuka! Chii chakanga chaitwa naMwari? Munhu anogona kutambudzika, munhu anogona kufa, munhu anogona kuvigwa. Asi Isita chaiva chinhu chikuru kupinda zvose, nokuti kwaiva kusimbisa kwaMwari, "Murau Wangu wazadzikiswa, zvaNdinoda zvazadzikiswa naYe," AkaMumutsa kubva kuvakafa! "Kumuka, Akaruramisa pachena nokusingaperi." Zita raKe Dzvene ngariRopafadzwe!

44 Ndicho chikonzero zvichiunza manyawi! Ndicho chikonzero mwoyo womunhu uchitadza kuzvitakura! O-o, nokutenda kwedu kunokunda tinokwanisa kumira tichiti, "Takaruramiswa, pachena," nokuti Akafa uye akavigwa, uye Mwari Akamumutsa zvakare mangwanani eIsita. Ipapo, Mwari akaratidza kuti Zvakanga zvagamuchirwa, zvinhu zvose zvaAkaita. Zvose zvakabhadharwa pachena, unogona kusunungurwa zvino! "Kumuka, Akatiruramisa pachena nokusingaperi." O-o, hapana anokwanisa kuziva, anokwanisa kufunga pamusoro pezuva iri guru raAkamuka; uye Ngirozi dzakazviona MuMatenga, Ngirozi dzakaimba nzimbo dzokurumbidza Mwari, uye dzikafara apo vatsvene veTestamente Yekare pavaimuka muParadhiso. Hareruya! "Kumuka, Akaruramisa." Matenga akazunguzwa, nyika yakazunguzwa, paradhiso yakazunguzwa, uye gehena rakazunguzwa. PaAkanzwa Inzwi guru, kubva muguva Akamuka! "Kumuka, Akaruramisa pachena nokusingaperi." O-o, zvangu!

45 Zvino vatsvene vanofa maAri vanokwanisa kuimba izvi, patinotarisa kunyasha dzinoshamisa dziri apa, zvaAkaita. Maona? Mwari akasimbisa chapupu chaKe. "Kanguva kadiki nyika haizoNdioni zvakare, asi muchaNdiona, nokuti Ndichamuka kuvakafa uye ndozova nemi, kunyange mamuri, kusvikira kumagumo enyika; sokusimbisa, nokupupura kuti Mwari zvaakataura ndezvechokwadi, uye zvandinotaura ndezvechokwadi," Jesu akadaro. "Ndichauya soMweya Mutsvene. Ndichaita hugaro hwaNgu mamuri, uye ndorarama nemi nokusingaperi." Ipapo vatsvene vane tariro iyi yokumuka mumwoyo mavo, vanokwanisa kuimba rwuyo urwu.

Iro zuva rinopenya risina gore
Apo vakafa muna Kristu vachamuka,
Uye kubwinya kokumuka kwake vachigoverana naYe;
Apo vasanangurwa vake vachaunganidzwa kumusha wavo uri kudenga, (nokugutsikana kwakakwana, neChisimbiso chaMwari, norusiti rwakanyorwa naMwari pachake)
Apo mazita paanodaidzwa ndichange ndiriko.

O-o, uya uti, kubva kuno uyo akati:

Mukurarama, Akandida. Mukufa, Akandiponesa.
Mukuvigwa, Akaenda nezvivi zvangu kure kwazvo. O-o!
Mukumuka, Akandiruramisa pachena nokusingaperi.

46 Zvivi zvakaregererwa. Zvipiriso izvi zvose zvingadai zvisina kureva chinhu, zvipiriso zvose izvi zvingadai zvakakundika. Asi mangwanani eIsita, paAkamuka, Mwari akasimbisa kuti AkaZvigamuchira. Ndicho chikonzero, zvinounza hareruya mumwoyo mangu! Ndicho chikonzero zvichiita kuti vanhu vamire kutarisana norufu! Zvinoita kuti vanhu vadane zvinhu zvisipo, sezviripo! Asi nei? "Kumuka, Akaruramisa." Unoziva sei kuti Akamuka? Nokuti Akamuka mumwoyo yedu, kururamiswa pachena nokusingaperi!

47 Mazuva makumi mana apfuura, paAkanga akamira, achitaura kuvana vaKe, simba renyika rakatanga kutadza kumubata. Mabasa akanga apera. Mhosva yakanga yabhadharwa. Aiva norusiti muruoko rwaKe. Rwaiva rusiti rwaMwari. Aiva navana, Chechi, vatendi. Chivi chose chakakundwa. Gwara rakanga ragadzirwa. HaAikwanisa kugara panyika zvakare. Chii chinotibata pano? Kudhonza kwenyika. Kudhonza kwenyika kwakatangisa kumuregedza, uye kukarasikirwa nesimba rako. Sei? Zvakanga zvapera zvino. Chii chakaitika? Akatanga kusimuka kubva panyika.

48 "Endai munyika yose, muparidze Evhangeri kuzvisikwa zvose," zvakabva pamuromo waKe. "Endai munyika yose, muparidze Evhangeri kuzvisikwa zvose. Uyo anotenda uye akabhabhatidzwa achaponeswa, uyo asingatendi achaparara. Uye zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda. MuZita raNgu vachadzinga mweya yakaipa. Vachataura nendimi itsva. Kana vakatora nyoka kana kunwa zvinouraya, hazvivakuvadzi. Kana vakaisa maoko avo pamusoro pavanorwara, vachapora. Nokuti Ndinorarama . . . Kudhonza kwenyika kwashaya simba paNdiri. Chivi hachichina simba. Ndakakufirai. Mwari akazvisimbisa, uye akapa rusiti rwokumuka. Uye nokuti Ndinorarama, munoraramavo! Rimwe zuva Ndichadzoka."

49 Rimwe zuva Achadzoka, o-o, zuva rokubwinya! Zvino mumwe . . . Kurarama, kufa, kuvigwa, kumuka, kuuya, tariro yeChechi nhasi!

Mukurarama, Akandida. Mukufa, Akandiponesa.
Mukuvigwa, Akaenda nezvivi zvangu kure kwazvo.
Mukumuka, Akandiruramisa pachena nokusingaperi.
Rimwe zuva Ari kuuya, o-o, izuva rakanaka sei!

Chaiva chii? Zvinhu zvishanu zviri mumavara mashanu, J-e-s-u-s.

Mukurarama, Akandida. Mukufa, Akandiponesa.
Mukuvigwa, Akaenda nezvivi zvangu kure kwazvo.
Mukumuka, Akandiruramisa pachena nokusingaperi.
Rimwe zuva Ari kuuya, o-o, izuva rakanaka sei!

50 Takatarisira Kuuya kwaKe kweChipiri! "Uye rimwe ramangwanani akanaka asina kana gore vakafa muna Kristu vachamuka, uye vogoverana kubwinya kokumuka uku; apo vakasanangurwa vaKe vachaungana kumusha wavo kudarika denga, apo mazita achadaidzwa, ndinenge ndiriko." Sei? Ndino rusiti. Akamuka! Unoziva sei? Anorarama mumwoyo mangu. Anorarama mumwoyo yavadiki vaKe.

51 Fungai pamusoro pazvo, shamwari. Dziva rinenge ragadzirirwa nenguva shomanana, nemvura inodziya, kuitira kubhabhatidza, patinodzoka.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino kwekanguva.

52 Handizivi nhasi, kana pano mumwe pakati pedu, kana vakawanda vasati vayemura Chipiriso ichi zvakakwana kuti vaChigamuchire, uye uchida kurangarirwa mumunamato, kuti

Mwari ataure zvinoshamisa kumwoyo wako, kuti ugamuchire Chipiriso chaKe, kucheneswa komweya wako.

53 Uye rangarira nhasi hatipembereri kungopfeka nguwani itsva kana hanzu itsva; zvinova zvakanaka, mufananidzo wechimwe chinhu chitsva. Mwari akaita chinhu chitsva. Chinova, chakanaka. Hazvisi izvozvo chete. Isita hairevi izvozvo. Bhanzi, tsuro dzepaIsita kana mabhanzi amazai, kana tuhuku tuchena tudiki, uye nezvimwe, handiyo pfungwa yacho, hama.

54 Isita kukunda, kukunda kwakapihwa naMwari pamusoro penyika, kuti Akamutsa Mwanakomana waKe Oga kubva kuvakafa. "Uye ani nani anotenda maAri, haangaparari, asi achava noHupenyu Husingaperi."

55 Kumuka kunokwanisa kuva muhupenyu hwako. Kana usina, ungasumudza ruoko rwako here kwaAri mangwanani ano, apo makakotamisa misoro yenyu, uchiti neizvi, "Mwari, ndirangarirei, kuti Hupenyu hwokumuka dai (Ihwo) ndahuwana mumwoyo mangu." Ungasumudza ruoko rwako here woti, "Ndinamatirei, Hama Branham, ndiri kusumudza ruoko rwangu"? Ishe akuropafadze. Ishe akuropafadze. Pano mumwe here angasumudza ruoko rwake, achiti, "Ndinamatirei, hama, ndinoda kugamuchira Hupenyu hwokumuka"?

> On that bright and cloudless morning,
> (zvifungei zvino tichiimba) . . .
> Christ shall rise,
> And the glory of His resurrection share;
> When the chosen ones shall gather to their Home beyond the skies,
> When the roll is called up yonder, I'll be there.
>
> When the roll is called up yonder,
> When the roll is called up yonder,
> (Kana usina chokwadi, zvigadzirise, iko zvino.) . . . called up yonder,
> When the roll is called up yonder, I'll be there.
>
> Let us labor for the Master from . . .
> (zvimwe chete) . . . sun,
> Let us talk . . .

56 Zvino, imi maKristu, hamungaiti here mhiko kuna Mwari, yokumusevenzera nokumushandira. Hongu, mumwe asimudze ruoko rwake kwaAri.

> And the roll is called up yonder, I'll be there.
>
> When the roll is called up yonder,
> When the roll is called up yonder,
> When the roll is called up yonder,
> When the roll is called up yonder, I'll be there.

57 Mwari anodikanwa, Maona mwoyo wose uri muno, uye Munoziva zvido nezvinangwa. Uye ndinonamatira tsitsi.

Mwari, zviitei, kuti tsitsi dzigoratidzwa kuvanhu ava. Vauya mangwanani ano kuwuyira nguva iyi yokunamata. Vauya ku—ku kunzvimbo ino kuzonzwa Shoko reNyu, uye sezvatataura kuti.

58 PaMakararama, hapana hupenyu hwakaita sohweNyu. Kufa, ndimi Moga Makakwanisa mafire awa. PaMakavigwa, Makatakurira zvivi zvedu kure; nokuda kwezvivi zvavanhu zvaiva paMuri, Makazviisa muGungwa roKukanganwa. Asi, muchimuka, Makaruramisa pachena nokusingaperi. Uye takamirira Kuuya kweNyu.

59 Mwari, varopafadzei. Tibatsirei. Tinoona kuti hatichina nguva yakawanda, zvatova pamukova. Uye kana . . . Uye nguva imwe kubva zvino, maererano nemasaindisiti, ndudzi dzinogona kunge dzisisipo. Uye tinonamata, Mwari, takamira panguva ino yamangwanani eIsita mumumvuri woKuuya kwaKe, tariro yeChechi. Zviru zvakawanda zvakarara muguruva renyika, zvakamirira nguva iyi, pane mweya iri pasi pearitari, inochema kuti, "Kusvika rini, Ishe? Kusvika rini?" Ndinonamata, Mwari, kuti Imi mutaure nesu. Uye ngatirangarire kuti hazvina mhosva zvatingaita pano panyika, zvishoma. Uye chinhu bedzi chatinokwanisa kuita zvino, kumirira Kuuya kweNyu, uye kuudza vose. Mharidzo ndeyechimbi-chimbi. Dai tikaisvitsa kuvanhu, nokuchimbidzika, kuti Mungangouya nguva ipi zvayo. Mabhombu awa avari kutaura pamusoro pawo, uye zvombo izvi zvehondo, zvuru zvinogona kunaya panyika neminiti imwe chete; asi izvi zvisati zvaitika, Makavimbisa kuuya, Ishe, kuzotora vanhu veNyu. Zvichaitika saizvozvo, Ishe. Nokudaro, nguva ipi zvayo, panogona kuva nokumuka, Isita yeChechi; kumutswa kubva kuhupenyu hwezvivi, kuHupenyu Husingaperi, kubudikidza naKristu. Inzwai munamato wedu.

60 Uye nhasi, patiri kuenda kune mimwe misangano, muzvidzidzo zveSvondo, O Ishe, taurai zvakare, uye dai mwoyo mizhinji yadziiswa. Uye dai vakauya namadhazini, mumvura iyi mangwanani ano, mangwanani eIsita, kuvigwa naIshe Jesu, kugamuchira Chipiriso chaKe. Hazvina mhosva kuti vanoenda kuchechi ipi, kana kuti iboka ripi ravanoyanana naro, hazvirevi chinhu. Asi vakagamuchira Chipiriso here? Vari kureurura kuti havana kunaka here, kuti Jesu ndiye Oga akanga akanaka? Uye Akatifira, pachinzvimbo chedu. Uye Akatora zvivi zvedu akazviviga, uye tinomira toga maAri. Machechi edu haakwanisi kuviga zvivi zvedu, hupenyu hwedu haukwanisi kuviga zvivi zvedu, asi Kristu akaviga zvivi zvedu muGungwa roKukanganwa. Mwari, zviitei zvino kuti zvinhu izvi zvive zvinobwinya mukuona kweNyu.

61 Zvino husiku huno, Ishe, dai Mukauya musimba reNyu rokumuka, uye muzunguze nzvimbo ino diki zvaisina kumboitwa. Dai zviratidzo namashura zvaonekwa. Zviitei zvakare, sezvamakaita maSvondo akati kuti apfuura, Ishe,

apo vairwara novaitambudzwa vakapodzwa zvaishamisa. Tinonamata kuti zviitwe zvakare husiku huno, kuti Mubwinyiswe, Ishe.

62 Tiregererei kudarika kwedu zvino, Ishe, uye dai ikava Isita chaiyo kuna vamwe vedu, Isita chaiyo kwatiri tose. Uye vamwe vedu vasati vanyatsoziva maropafadzo eIsita, dai kukava nhasi apo Kristu achamuka mumwoyo mavo, netariro itsva, noHupenyu hutsva. Vanongedzei kuKarivhari. Nokuti tinozvikumbira muZita raJesu. Ameni.

63 [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.] Vangani venyu vanoda Ishe, sumudzai maoko enyu. O-o, imiwe, izvi zvakanaka!

64 Ndanzwa kuti kuno mwana ari kuda kuiswa kuna Ishe, Hama McDowell. Munokwanisa kudzoka kumusangano weSvondo, here? Zvakanaka, zvingava zvakanaka. Pana achaisa vana kuna. Dzokai panguva iyoyo kana muchida, kana zvose zvakanaka.

65 Zvino tichambopa vanhu nguva diki, kuti mukwanise kuenda kunzvimbo dzenyu uye muve nokudya kwenyu kwamangwanani, mobva modzoka zvakare. Tinofara kuti manga muri pano.

66 Zvino ngatisumukei. Rwuyo rumwe chete rwataimba nguva shoma yapfuura, "On that bright and cloudless . . ." Vangani vane tariro iyi mavari, ngatikuonei muchisumudza maoko enyu. Ameni.

On that bright and cloudless morning when the dead in Christ shall rise,
And the glory of His resurrection share;
When the saved of earth shall gather over on the other . . .

Kurarama, Kufa, Kuvigwa, Kumuka, Kuuya SHO59-0329s
(Living, Dying, Buried, Rising, Coming)
Mharidzo DzepaEsta Dzakatevedzana

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa muChirungu musi weSvondo mabudazuva, 29 Kurume, 1959, paTabernakeri yaBranham kuJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakatorwa kubva patepi ikanyorwa nokudhindiswa muChirungu isina kushandurwa (kukamurwa). Kududzirwa muShona uku kwakadhindiswa muna 1994 ne Voice of God Recordings.

SHONA

©1994 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org